

Chapit 8. Kourikoulòm ak Enstriksyon

[← Prev.](#) Seksyon 8.123 [Next →](#)

Règleman 8.123 Prensip sou Itilizasyon Teknoloji ki Akseptab pou Elèv

1. Distri a totalman otorize elèv pou itilize resous teknoloji li yo depi se pou rezon akademik.
 - a) Resous sa yo enkli, men se pa sèlman sa, kourye elektwonik, aksè sou entènèt, dosye elektwonik ak bank done epi pwogram lojisyèl òdinatè ak materyèl di;
 - b) Elèv yo pa dwe itilize resous sa yo pou biznis prive yo, itilizasyon oswa avantaj pèsonèl yo, jwèt elektwonik sou òdinatè ki pa fè pati kourikoulòm etid yo ak oswa rechèch entènèt ki pa gen rapò ak kourikoulòm.
2. Sipèentandan an dwe prezante règleman oswa kondisyon ki eksplike modèl konpòtman ki akseptab elèv yo dwe genyen pandan y ap itilize teknoloji distri a.
 - a) Kapab gen aksyon disiplinè ki pran kont elèv pou vyolasyon règleman oswa prensip sa yo.
 - b) Yo dwe bay elèv k ap itilize teknoloji Distri a dokiman pou li siyen pou ateste l ap konfòme li ak Règleman sou Itilizasyon Teknoloji Distri a Aksepté (Gade Direktiv # 3.47), kote paran oswa responsab la te li ak aksepté yo dakò tou ak sa ki ekri nan fòm Konsantman ak Dechaj PBCNET la.

OTORITE LEGAL: Seksyon Lwa 230.22, Lwa Florid

LWA ANVIGÈ: Seksyon 232.25, Lwa Florid

DOSYE ISTORIK: Nouvo: 15/10/97